

Sipò DCFS pou fanmi k ap fè fas ak difikilte imigrasyon

Yo sipoze ke pou timoun ki pòko gen 18 an, se paran timoun nan ki konn ap pran swen li. Si yon paran vin pa disponib pou pran swen pitit li a, yon lòt manm nan fanmi timoun nan oswa yon lòt kapab pran plas li pou pran swen timoun nan. Si yon paran idantifye moun li ta renmen pran swen pitit li a nan yon ka konsa alavans, epi si l pran kèk etap adisyonèl jan sa a dekri anba a, lòt moun sa a pral gen dwa jiridik adisyonèl ki ka ede l pran desizyon ki enpòtan ak nesèsè pou jèn nan. Lè pa gen yon plan an plas, DCFS se yon ekspè nan ede jwenn manm fanmi oswa lòt pwòch ki tankou fanmi ki ka pran swen yon timoun.

Se sèlman lè sa a nesèsè epi tout lòt opsyon yo pa posib, Eta Ilinwa ka chèche nonmen yon gadyen legal pou asire ke yon jèn ki pa gen yon granmoun k ap pran swen li kapab resevwa swen apwopriye epi pou bay konsantman pou zafè legal, medikal ak edikasyonèl nan non jèn nan. **Tanpri kontakte Biwo Defans DCFS la (enfòmasyon kontak yo anba a) si ou gen kesyon sou kijan pou sipòte jèn yo ak paran/lòt responsab timoun k ap fè fas ak pwoblèm imigrasyon. Tanpri kontakte yon avoka prive si ou gen kesyon sou diferan opsyon jiridik ki egziste pou gadyen legal.**

Si yon timoun oswa yon jèn anba responsablite yon paran, yon gadyen legal oswa yon fanmi...

- Pa gen okenn patisipasyon DCFS sof si gen enkyetid kredib sou yon timoun k ap sibi abi oswa neglijan nan men moun k ap pran swen l lan; oubyen
- DCFS ka bay yon fanmi yon referans pou sèvis kominotè, si se nesèsè.

Si moun k ap bay swen yon timoun rete an detansyon oswa depòte epi yo etabli yon plan swen altènatif oswa yo ka idantifye lòt moun ki pou pran swen timoun nan san sipò DCFS...

- DCFS **pa** enplike nan zafè fanmi an, sof si timoun nan pa gen yon kote ki an sekirite pou l ale.
- Reponndan yo oswa moun k ap sipòte jèn nan ta dwe detèmine si paran an te ranpli yon fòmilè Titè Akoutèm, si li te etabli yon Titè Siplemantè, oswa si li te fè nenpòt lòt kalite aranjman swen enfòmèl, tankou idantifye lòt moun pou pran swen l nan plan ijans famiyal yo a, men pa limite a sa sèlman. Si gen yon plan swen fòmèl oswa enfòmèl – yo ta dwe swiv plan sa yo. DCFS pa bezwen resevwa notifikasyon sou aranjman an.
- Si pa gen okenn plan swen pou jèn nan, reponndan yo oswa moun k ap sipòte jèn nan ta dwe detèmine si yo ka idantifye nenpòt fanmi oswa yon lòt pwòch ki tankou fanmi ki kapab ba li swen.

Si yon jèn pa gen moun k ap pran swen l (si yo arete li oswa depòte li); moun ki responsab li a pa t gen tan kreye okenn plan pou defini yon responsab swen altènatif (pa egzanp, fòmilè Titè Akoutèm nan oswa yon lòt plan swen enfòmèl); **epi reponndan yo oswa moun k ap sipòte jèn nan pa ka imedyatman idantifye yon fanmi l ki kapab pran swen li oswa yon lòt aranjman pou l viv ki an sekirite epi ki fyab...**



- Kontakte Liy Dirèk DCFS la nan **1-800-252-2873**.
- DCFS ka detèmine ke yon evalyasyon sekirite nesèsè.
- Posiblite ki genyen pou tribinal pou minè enplike nan dosye a.
- DCFS ap bay priyorite pou jwenn fanmi ak sipò pou reyinifikasyon epi li ka sipòte timoun yo pandan y ap eksplòre opsyon sa yo.
- Koneksyon ak resous kominotè yo ak konsila ki konsène a.

Si yon tribinal pou minè deside plase yon timoun oswa yon jèn sou responsablite gouvènman Eta a, DCFS ka ba li swen ak sipò tanporè pandan y ap eksplòre epi idantifye lòt opsyon, depi yo eseye chache yon fanmi li (oswa yon lòt pwòch ki tankou fanmi l) *anpremye*. Si yo toujou pa ka jwenn yon kote pou l viv ki an sekirite epi ki fyab, gouvènman Eta a ka bezwen founi swen sa a pou li...



- Si yo fin eksplòre tout opsyon swen altènatif, yon tribinal ka detèmine ke jèn nan pa gen swen nesèsè a epi yo pral konsidere li kòm yon jèn ki depann de gouvènman Eta a pou swen li a.
- Tribinal pou minè a nonmen Administratè Titè Legal DCFS la kòm gadyen tanporè pou ede fasilite swen sa a.
- Biwo Gadyen DCFS la ka gen yon sipò imigrasyon limite ki disponib pou jèn san papye k ap resevwa sèvis swen nan men depatman an.
- DCFS ap travay pou bay yon aranjman lojman apwopriye ak nourisan ansanm ak sèvis esansyèl pou nenpòt jèn k ap resevwa sèvis swen nan men depatman an.